

**АМОНДÆЙ ХАЙГИН КА ÆЙ, УОМÆН Æ КУРОЙНÆ ÆНÆ ДОНÆЙ ДÆР ЗЕЛУЙ!..**

***ГАГЛОЙТИ Владимир (1928-1996), финсæг: «Амондгун исунцæ еци адæймæгутæ, æ цæргæй æ ном арфæйаг кæмæн исуй, æ зунд, æ зæрди гъарæй еске цард рæсугъд æма амондгун ка искæнуй, æ гъуддæгутæ ба æ адæмæн æвдадзи хуасæ кæмæн фестунцæ, нифс син ка фæддæттуй, сæ аллибони гъуддæгути æмархайæг ка исуй...»***


Цæуун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№41 (912) 2023 анзи 28 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман


## НОМЕРÆН



### ЗÆРДРЕСГÆЙ ИН ИМИСÆН Æ РОХС НОМ...

Анзи размæ, æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй БАЛИКЪОТИ Мæхæмæти фурт Тотраз... Нæ Иристони цитгиндæр лæгтæй еу, зундгонд ахургонд, историон наукити доктор, профессор, публицист, æхсæнадон архайæг, сæйрагдæр ба – царди хумæтæгдзийнадæ æ берæ лæгдзийнæдтæй ка исфедаун кæнидæ, адæми рæстуодæй ка уарзта æма адæм сæхуæдтæ дæр зæрдтагонæй ке уарзтонцæ, махæн, республикон газет «Дигорæ»-йи редакций коллективæн не 'мгустгæнæг, нæ уарзон хестæр – гъе уæхæн æцæгæй курухон адæймаг фæгъгъудæй нæ дзиллæй. Æма ма нин хъæбæр берæ рæстæгути хъæбæр берæ гъуддæгути нæ фагæ кæндзæнæнцæ æ курухондзийнадæ, æ алæмæти федауцæ уодиконди менеугутæ.

Баликъоти Тотраз абони кæд не 'хсæн нæбал æй, уæддæр нин цæрæццаг æй æ рохс ном. Абони ба 'й уомæ гæсгæ имисæн, æма сабати, 28 октябри уодзæнæй æ афæйгæндæ (Дзæуæгигъæуи дзæхæрадæнтти æмбæладæ «Иристон»-и, Тæутий-фурти гъæунгæ, 472).

Уой фæдбæл мухур кæнæн Баликъоти Тотрази туххæй æ хуæрзæрдхуард æма æмгустгæнæг Дзидзойти Валерийи уац (6-7-аг фæрстæбæл).



# ГЪÆУБÆСТÆ ИН – ЗÆРДИРОХС, ГЪÆУБÆСТÆ СИ – ЗÆРДИРАЙ...

**Номдзуд Расул ГАМЗАТОВ æ зундгонд киунугæ «Мæ Дагестан»-и уотæ финста: «Ка дæ, зæгъгæ, дæ ку бафæрсонцæ, уæд æнгъезуй бавдесун ести æвдесæндар, кенæ дæ паспорт – уоми финст æнцæ, ка дæ æма ци дæ, уой хабæрттæ. Фал адæмихатти ку бафæрсай, циуавæр æй, уæд е ба, куд æвдесæндар, уотæ бавдесдзæнæй æ ахургонди, финсæги, хузæгæнæги, композитори, политикон архайæги, балхони...» Ка 'й зонуй, Расули аци загъди хæццæ исарази ун кæд æнгъезуй, уæддæр нæмæ уотæ кæсуй, цума бустæги раст ба нæй. Гъо, ке ранимадтан, уæхæн æмбæстонтæй сæрустур ун æнгъезуй. Фал лæмбунæг ку расагъæс кæнæн, уæд еци адæймæгутæ номдзуд исуогæй сæ адæмæн ести хуарз ба фæцæнцæ. Баруагæс уи уæд, кæмæдæрти си е нимади дæр нæ фæууй.**

**Уомæ гæсгæ ба ма нæмæ уотæ кæсуй, æма адæмæн уæлдай цæстиварди æма син хæстæгдæр фæуунцæ се 'хсæн ка цæруй, арфиаг гъуддæгутæй син ка лæггадæ кæнуй, етæ. Зæгъæн, Лескени гъæубæстæ кæмæй æнцæ сæрустур, уæд сæ номдзуд æмгъæуккæгти кой дæр куд нæ ракæндзæнæнцæ, фал уæлдай бозæй ба ранимайдзæнæнцæ сæ царди медæгæ син хуæрзгæнæг ка 'й, уони. Сæ фиццæгти хæццæ ракой кæндзæнæн Хъожити Адами фурт Валодий туххæй. Æма мах дæр абони хъæбæр æхцæуæнæй уæ зонгæ кæнæн æ хæццæ.**

**ХИДИРТИ Валерий**

Царди нисанеуæг цæй медæги æй, еци вазуггин фарста, абони уа, исон уа, уæддæр еуафони æристуй алли зæнхон адæймаги цори дæр, цийфæнди кустбæл хуæст дæр уæд, кæцифæнди адæмихаттæй дæр уæд. Æцæг ибæл дзуапп раттун ба алке бон нæ фæууй. Сауæнгæ тæккæ дзурдарæхстдæр адæймæгутæ дæр батухсунцæ, уой фæдбæл дзуапп райагорæ-байагорæй. Зæгъæн, номдзуд Александр Пушкин дæр, æвæдзи, уæхæн сагъæсти бафтуйгæй, хумæтæги нæ ниффинста: «Æнæбари искурдиадæ, Цард, цæй туххæй дæ лæвæрд?..» Ка 'й зонуй, æ царди медес имæ уоййасæбæл æнæбæрæг æма æнæлæдæрд кастæй.

Аци хабар мæ хуарз æмгъæуккаг æма ме 'рдхуард Хъожити Валодийæн ку ракодтон, уæд е дæр еуцæйбæрцæдæр рæстæг ниссагъæсти 'й, уæдта загъта:

– Нæ зонун, Пушкинæн дæр æма ма кæмæндæрти адæймаги уæлзæнхон царди нисанеуæг уоййасæбæл æнæлæдæрд цæмæн æй. Мæнæн ба е лæдæрд æй: нæ Исфæлдесæг адæймагæн цард уой туххæй раттуй, цæмæй ин а зæнхæбæл ци рæстæг фæууй æмгъудгонд, уой хуарздзийнæдтæ аразунбæл бахарз кæна.

Куд ма загъта, уотемæй адæймаг æ цæргæ-цæрæнбæнтти дæттуй фæлварæнтæ: равзурд дæсниади ацъагъуæгин унбæл, адæймагдзийнадæбæл, рæстдзийнадæбæл, зæрдхæлардзийнадæбæл, æргомзæрдæдзийнадæбæл, хуæрзæгъдаудзийнадæбæл... Æ еци гъуди мæ зæрдæмæ куд нæ фæццудайдæ, æма 'й хинцфæрсæ ракодтон:

– Æма дин бантæстæй еци фæлварæнтæ раттун?

– Уомæн ба дин мæхуæдæг ци зæгъон? Тæрхонгæнæг адæм æнцæ...

Адæм ба адæймагæн фæййаргъ кæнунцæ æ уодикондмæ гæсгæ, æ цардиуаги гъуддæгутæ ин уингæй. Æма мæ бон федарæй зæгъун æй: еци фæлварæнтæ æхе рази æма адæми рази дæр Хъожити Валоди æнтæстгинæй равардта æма нерæнгæ дæр ма дæттуй.

4

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

**2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.**


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Зундгонд компани «БТК-Групп»-и Цæгат Иристони, ци дарæсуадзæг кустуат байгон кодта, е гъæуама æнхæстхъаурæй косун байдайа дууæ къуæрей æмгъудмæ. Уодзæнæй си 600 косæн бунати, нерæнгæ бал си косуй 200 адæймаги. Кустагор ка 'й, еци адæмæн ес заманай равгæ зæрдæмæдзæугæ кусти ниллæуунæн.*

## ИСФÆЛДИСТАДОН ЕРИСТÆ




Уæрæсей ахуради министради агъазæй 2020 анзæй фæстæмæ арæзт цæуй конкурс «Кæсæ – е Уæрæсе æй!..» Аци анз æ медеси фарста æй «Мæ райгурæн бæстæ. Мæ истори». Конкурси нисанеуæг æй, цæмæй исуа ахедгæ фæрæзнæ ирæзгæ фæлтæрти Фидибæстæбæл æновуд унбæл гъомбæл кæнуни, уæдта берæнацион æма берæконфессионалон Уæрæсей алли рауæнти цæрæг кæстæрти 'хсæн лимæндзийнадæ федар кæнуни гъуддаги. Уоми архайуни туххæй курдиадæ бадæттуни фадуат ес фондз адæймагемæй командæн, сæ бон си æй архайун 6-18-анздзуд астæуккаг, профессионалон æма уæлæнхасæн ахуради уагæдæнтти гъомбæлгæнуйнæгтæн.

Архайгутæ регистрацигонд цæунцæ аци анз 19 ноябрмæ проекти сайти https//lookitsrussia.ru/.

## АДÆМИ УОДÆНЦОЙНÆН



Паддзахадон Думæ гъæуама æркæса «Æнæстуфдзийнади туххæй» закъони проектмæ. Уоми куд амунд цæуй, утемæй æхсæви еуæндæс сахаттемæй ба сæуми авд сахаттей уæнгæ, адæми ка тингун кæнуй, уæхæн гъæрæй унæргæнæг миутæ аразун не 'ngъездзæнæй. Закъонæвæргути фæндонмæ гæсгæ аци закъон фиццаг хатт ка фехала, уой фæййиваргæнæн уодзæнæй 500-2000 сомемæй, хецауадон бунатахæссæги – 5-10 мин сомемæй, юридикон иуонги ба – 20-50 мин сомемæй. Ауæхæн закъон æнæмæнгæ гъæуй – косгæ бони фæсте адæймаг æ хæдзарæмæ ку æрбацæуа, уæд æй æ синхæнттæ сæ æнафони æзгулитæй ма хъор кæнонцæ, гъæуама ин уа фадуат æнцад уавæрти æ фæллад исуадзунæн.

## ÆДАСДЗИЙНАДÆ



Фонси незти нихмæ тохгæнæг Æрæдони станций æрæги арæзт æрцудæнцæ регионалон командон-штабон ахуртæ. Сæ нисанеуæг адтæй фустæ æма сæгъти тæссаг нез – дзиуарæ (оспа), ку фæззинна, уæд æвæстеуатæй ци гъуддæгутæ кæнун багъæудзæнæй, уой радзорун æма равдесун. Ахурти рæстæг равдистонцæ, тæссаг нез хæдзари фонсбæл ку фæззинна еу рауæн, уæд кæци специалисттæ ихæсгин æнцæ, цæмæй нез ма рапарахат уа иннæ хæдзарæдтæбæл, уой туххæй гъæугæ мадзæлттæ исаразунæй. Хæдзарон фонси незтæй афойнадæбæл ку нæ дзæбæх кæнонцæ, уæд сæ фæстеугути хæццæ тох кæнун ба зингæ зиндæр фæууй. Профилактикон æма дзæбæхгæнæн мадзæлттæ гъæугæ хузи арæзт ку цæуонцæ, уæд незбæл фæуууæлахез ун æнцондæр уодзæнæй.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

**Хæзнидони цæрæг Тамати Юри æ райгурæн гъæуи дорæй аразуй мæсуг. Нæлгоймаг рагæй бæлдтæй æ байзæдтæгтæн æ фæсте, æносмæ ка цæрдзæнæй, уæхæн ести ниууадзунмæ, æма аци анз æ бæллец исæнхæст кæнун æ къохи бафтудæй.**

* * *

Цæгат Иристони Паддзахадон цæрæнуæттæ æма архитектуронарæздадон цæстдарди служби разамонæг Тамати Родиони дзубандимæ гæсгæ, нæ республики æдеугурæй ес 2920 берæфатерон хæдзари. Уонæй 1619 хæдзари (гъома, 55,4 процентти) хаунцæ унаффæйадон компанити разамундмæ, 413 хæдзари – рæстæгмæ разамундмæ. Никкидæр ма 338 берæфатерон хæдзарæн разамунд дæттунцæ цæрæнуæтти хецæутти 213 æмбæлади æма цæрæнуатон кооперативи, 462 хæдзарæн ба – адæм комкоммæ разамунд дæттунцæ.

* * *

**Нæ национ культури Бон сабати, 28 октябри арæзт æрцæудзæнæй сахар Красноярски. Еци мадзали рæстæг си арæзт æрцæудзæнæй нæ адæми фæлиндæн аййевади, ювелирон дзаумæтти, скифти-сæрмæтти хуæцæнгарзи æма æндæр равдиститæ, фæууинæн си уодзæнæй нæ адæми аллихузон исфæлдистадон ацъагъуæдзийнæдти туххæй документалон кинонивтæ…**

* * *

Филиал «Россети-Северный Кавказ» – «Севкавказэнерго»-йи специалисттæ электроэнерги нимайæн нæуæг фæрæзнитæ (12 минемæй фулдæр) исæвардтонцæ Горæтгæрони, Ирæфи, Мæздæги районти гъæути, уæдта Алагири æма Дзæуæгигъæуи цæрæнбунæтти. Никки ма фараст мин уæхæн аппаратти æвæрд æрцæудзæнæнцæ 2024 анзи. Æвæрд ба цæунцæ, цæмæй электроэнергий дзæгъæл хæрзтæ минкъийдæр уонцæ, уой нисанеуæгæй.

* * *

**Еугуруæрæсеуон конкурс «Скъолай хуæздæр хуæрæндонæ»-йи кæронбæттæн еристæ фиццаг хатт рацæудзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи. Архайдзæнæнцæ си Уæрæсей алли рауæнтæй нæмæ æрбацæуæг 300 хуæруйнаггæнæги. Мадзал еци-еу рæстæг арæзт æрцæудзæнæй цалдæр рауæнеми – гимнази «Диалог»-и, ахуради центр «Интеллект»-и, 44-аг скъолай, базарадон-экономикон колледжи.**

## ХУЦАУ ДУЙНЕ САБУР ЦАРДÆН ИСФÆЛДИСТА!..



# АХСГИАГ МАДЗАЛ – УÆЛЛАГ ФИЙЙАГДОНИ

Уæллаг Фиййагдони 24-26 октябри арæзт æрцудæй дуккаг æхсæнадон фестиваль «Сабурдзийнади фæзуат». Фестивали архайдтонцæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити журналистти делегацитæ Цæгат Кавкази зилди регионтæй, Хонсар Иристонæй, Абхазийæй.

Мадзали разамонгутæ адтæнцæ æфсæддон уацхæссæг, канал РТдок-и автор **Руслан Гусаров**, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт журналист, проекттæ «Медиашкола: Дальневосточный репортер» æма «МедиаАкадемия»-йи разамонæг **Алексей Бабков**, информацион-технологон операцити специалист **Аннæ Райская**, политолог, Кавказаг геополитикон клуби нимæрдар-координатор **Янæ Амелина**. Пленарон сессий разамонæг – газет «Комсомолькая правда»-йи рафæлгæсæг, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт журналист **Галинæ Сапожникова**.

Фестивали пленарон æмбурди архайдта Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Уоми æ рдзубандий аци мадзал нури рæстæгути уавæртæмæ гæсгæ хъæбæр ахсгиагбæл банимайгæй æма æ архайгутæн зæрдиагæй райарфæ кæнгæй, загъта:

– Махæн ес, цæстигагуй хузæн ке гъæуай кæнæн æма табу кæмæн кæнæн, уæхæн уодварни хæзнатæ, æма си гириз кæнун ку бауадзæн, уæд наци нæбал уодзинан. Абони нин нæ нихмæлæугутæ архайунцæ тухæй еуполярон дуйне нæ разæй искæнун, нæ адæми зæрдæмæ ка нæ цæуй, еци гъуддагбæл нæ бафтаун. Неке гъæуй хъаурæгин паддзахадæ – уони фæндуй, цæмæй нæмæ раздæхонцæ 90-аг æнзтæ, æма нæ бæстæ фехæла. Фал историй цалх дæндаггай зелуй. Æма фæстегæй байзадæй, нæ паддзахадæ исæфти къахбæл ку лæудтæй, еци рæстæг. Абони Уæрæсе æндиудæй размæ цæуй. Æма е нæхецæй уæлдай пайда некæмæн æй, – загъта Сергей Меняйло.

Республики Сæргълæууæг ма фæббæрæг кодта, абони карз тох ке цæуй фейкти хæццæ, мæнгæ хабæрртти хæццæ. Еци уавæрти ба адæймаг гъæуама гъуди кæнун æма раст хатдзæгтæ кæнун зона:

– Информацион тугъди ци фæрæзнитæй пайда кæнунцæ, уой рагæй дæр зонæн – нæ нихмæлæуддзийнадæ цæуй, Советон Цæдес ку фехалдæй, уæдæй нурмæ. Тох кæнунцæ, экономики нæ, фал адæми зундирахастбæл фæууæлахез унбæл. Æма æз уотæ нимайун, алкедæр ни гъæуама æхуæдæг гъуди кæнæн, еу кенæ иннæ уавæрæн аргъ кæнун зона. Алли адæймаг дæр информацийæн анализ ку кæна, критикон цæстæй имæ ку кæса, уæд фейктæ фесæфдзæнæнцæ. Фал ма нуртæккæ берetæ кедæр зундæй гъуди кæнунцæ, æууæндунцæ мæнгæ дзубандитæбæл. Информацион «будур» ревæд некæд фæууй – мах æй ку нæ байахæссæн, уæд æй æндæр кадæр байдзаг кæндзæнæй, цæмæй æй фæндуй, уомæй.

Æфсæддон уацхæссæг Руслан Гусаров фæббæрæг кодта, абони, сæрмагонд æфсæддон операций рæстæг, Украинæ æма Цæгат Кавкази регионтæй архайунцæ адæми зундирахастмæ бaрæ дарун.

– Дзурдтæ «манипуляция» æма «пропаганда»-йи лæгъузæй неци ес. Етæ æнæуод ефтонггæрзтæ 'нцæ, абони Цæгат Кавкази хуæрзæрдæмæ æййивддзийнæдтæ цæуй, алли регион дæр æнтæстгинæй æ размæ æвæрд нисантæ æнхæст кæнуй. Фал нæ «исрæмодзунбæл» архайунцæ. Утемæй бунæттон фæтки цийфæнди тухархайд дæр агъазиаудæр масштабтæ райсуй, – загъта Руслан Гусаров.

Программи адтæй экспертти мастеркъластæ медиатехнологитæй, ахурадонпрактикон мадзæлттæ, уæдта музыкалон конкурс «Цæхæр»-и кæронбæттæн.

Мадзал арæзт æрцудæй паддзахадон программæ «Цæгат Иристони дзиллон информацион фæрæзнити, дзиллон коммуникацити, мухур æма киунугути рауагъдади ирæзт»-и фæлгæти.

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ



# «ПИРОЛА»: КУД ДЗОРУНЦÆ, УÆХÆН ТÆССАГ НÆЙ

Фæззæг æ хæццæ 'рбахаста тæссагдзийнæдтæ, уæдта ма нæбæл нæуæгæй коронавируси пандеми истухгин æй. Никки ба ма иннæ бæстити фæззиндтæй «корона»-йи æндæр хузæ «пирола». Цæмæ нин æнтæлмæ кæсгæй?

Уæрæсейаг наукити Академий академик, игъустгонд специалист Геннадий Онищенко куд зæгъуй, утемæй коронавирус «пирола»-йæй нерæнгæ берæ адæм нæма фæссæйгæ 'нцæ. Уонæмæ гæсгæ нæ бон æй еци омикрон рабæрæг кæнун. Еугур дуйней дæр незы змæлдмæ гъосдард цæуй.

Уавæр куд æвдесуй, утемæй незы бæрцæ ирæздзæнæй, фал «пирола» омикрони æййивд хузæмæ ке хауй, уомæ гæсгæ уæхæн тæссаг нæй. Омикрони фиццаг хузтæй нез фæууæгæрæй рацæуй, фал хуæцгæ нез æй. Коронавирусон хуæцгæ незæй 2021 анзи фæссæйгæ 'й æма исдзæбæх æнцæ 700 милиони адæймаги, 7 миллион адæймаги ба рамардæнцæ. Уæрæсей цæргутæй аци незæй фæссæйгæ 'нцæ 23 миллион адæймаги.

Анна Попова,«Роспотребнадзор»-и сæйраг дохтир, куд зæгъуй, утемæй «пирола» кæмæ бахъæрттæй, уони сæйгæдони æвæрун нæ гъæуй. Адæймаги бауæри тæвдæ исбæрзонд уй, æхе лæгъуз фæллæдæруй, фар нерæнгæ бæрæг нæй, æ фæсте циуавæр незтæ расайуй, е.

Æнæнездзийнади Еугурдуйнеуон организаци куд унаффæ кæнуй, ковид нæ цардæй рандæй æма æнæнгъæлæги уавæртæ раййевун гъæуй. Е бустæги уотæ нæй. Геннадий Онищенкой дзубандимæ гæсгæ, æвæдзи, æрцæудзинан маскитæ даруни фæткæмæ. Еугур бæсти ку нæ, уæддæр хецæн рауæнти. Еске тæрсун кæнун хуарз нæй, фæззигон вирусон незтæ ахид æнцæ, е еугуремæн дæр зундгонд æй. Гриппи нихмæ прививкæ дæр уавæр фæррæуæгдæр кæнидæ.

Хуцаубони, 29 октябри бæрæггонд цæудзæнæй автомобилон æма сахайраг бæлццæнттæласæн транспорти косæги Бон.

***Номдзуд ахургонд Михаил ЛОМОНОСОВИ (1711–1765) фæдзæхститæй нин беретæ абони дæр нæ царди бæргæ исбæззиунцæ. Зæгъæн, мæнæ ауæхæн загъд: «Устур фудæбони фæрци хуарз ракæнун дæ къохи ку бафтуйа, уæд фудæбон æрбайсæфдзæнæй, хуарз ба байзайдзæнæй...» Нæ зæрдæбæл æй бадарæн æма нин разæнгардгæнæг уæд...***

# ГЪÆУБÆСТÆ ИН – ЗÆРДИРОХС, ГЪÆУБÆСТÆ СИ – ЗÆРДИРАЙ...

Хъожити Адами фурт Валоди райгурдæй Ирæфи районі Лескени гъæуи 1950 анзи. Æнтæстгинæй бунæттон астæуккаг скъола каст фæуугæй, куста Лескени Ленини номбæл совхози рæзæдонуадзæн цехи, фæстæдæр ба имæ фæдздзурдтонцæ Советон Æфсади рæнгъитæмæ. 1974 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Нальчикки арæзтадон техникуммæ, æма уой æртæ анзей фæсте каст фæуугæй, косун райдæдта «Каббалкпромарæзтади» мастер-аразæгæй. Фæстæдæр æрбаздахтæй æ райгурæн гъæу Лескенмæ, бæрнон бунæтти си фæккуста. Æ еумæйаг кустадон стаж хъæртуй 40 анземæ. Æй фæллойни ветеран. Фал, куд фæззæгъунцæ, адæймагæн æ тоги ци нихседа, уомæн гæлдзæн нæййес. Кæд æма инсæй анзей размæ æ сæйраг куститæ ниууагъта æма уолæфунмæ рацудæй, уæддæр Хъожий-фурт абони дæр ма активонæй архайуй гъæуи æхсæнадон царди, уæдта районі æхсæнадон кусти дæр æй æ рахес цæгиндзитæй еу.

Æмгъæуккæгтæ, уой хæццæ ба ма хуæрзæрдхуæрдтæ уогæй ахид æмбæлæн, фæууй нин равгитæ ести гъуддæгутæбæл зæрдиагæй радзубандитæ кæнунæн дæр. Уæлдай ахиддæр ба æримисæн нæ хестæрти. Æма Валоди æ ниййергути кой хъæбæр бозæй ракæнгæй, куддæр бахъонц кодта:

– Мæ ниййергутæ мæнæй, цæйбæрцæ аккаг адтæнцæ, уомæй дзæвгарæ минкъийдæр хуæрзтæ фæууйдтонцæ. Уодикондæй мæмæ цидæриддæр ес хуарздзийнадæй, етæ сæ еугурдæр уони лæвар æнцæ. Мæ карнæ мин цидæриддæр исаккаг кодта, етæ 'нцæ уони байвæрди фæрци æма си уой туххæй Устур Еунæг Хуцау исарази уæд! Мæ бийнонтæ уарзтон, уарзун æма сæ уарзгæ дæр кæндзæнæн, кæд мин Хуцауи зæрдæ хуæрззæрæ зæгъа, уæд!

Æ еци дзубандимæ гæсгæ куд ракой кодтайанæ хестæртæ æма кæстæрти рахастдзийнади, ирæзгæ фæлтæрти гъомбæлади туххæй дæр. Æма мин Валоди загъта:

– Валери, мæнмæ гæсгæ, нæ рагфидæлтæ раст зæгъиуонцæ: «Адæймагæн цард лæвæрд цæуй, цæмæй æхецæн хæдзарæ исараза æхе зæрди фæндонмæ гæсгæ, цæмæй рæзбæласæ ниййараза æма фурт исгъомбæл кæна… Еци гъуди раст уомæн æй, æма адæм сæ цард идарддæр хæссунбæл гъæуама архайуонцæ…» Цæрæн хæдзарæй ба гъæуама æнæмæнгæ игъуса сувæллони игъæлдзæг худт, рæзбæласи буни, сатæги ка баддзæнæй æма ин æ рæзæ ка хуæрдзæнæй, етæ æнæ æримисгæ нæ фæууодзæнæнцæ æ ниййаразæги, фурт ба мугæги, ахили фарнæ идарддæр хæсдзæнæй…

Валодий цардвæндаги хабæрттæ куд нæ зонун, фал мæ бафæндадтæй, цæмæй сæ æхуæдæг ракæна. Æма 'й фиццагидæр бафарстон, Кæсæг-Балхъари ку ахур кодта æма ку куста, еци рæстæги туххæй.

**– Рагæй дæр нæ Дигорæн дæр æма Иристонæн æнæгъæнæй дæр нæ синхаг республики хæццæ хæлар рахастдзийнадтæ ес. Фал уæддæр хецæн адæймаги карни ба ци нæ рауайуй. Æма дæмæ, уоми ке хæццæ ахур кодтай æма кустай, етæ ци цæстингасæй ракастæнцæ?**

– Æргом ку зæгъон, уæд ме 'взаг тасгæ дæр нæ бакæндзæнæй, уонæй естæмæй рагъаст кæнунмæ. Ци арæзтадон коллективмæ бацудтæн косунмæ, е мæ райста æхемæ уарзонæй. Уæдта мæхуæдæг дæр архайдтон сæ хæццæ хæларзæрдæй цæрунмæ, ци ихæстæ мæбæл æвæрд адтæй, уони æнаййеппæй æнхæст кæнунбæл. Фал мæ бийнонти рази ихæсгин уогæй, 1979 анзи ба мæ фæстæмæ æздæхун багъудæй мæ фиди хæдзарæмæ – Лескенмæ.

Гъулæггагæн, уæдмæ мæ ниййерæг мадæ æгас нæбал адтæй… Мæхе бахаттон нæ совхози разамундмæ, цæмæй мин мæ дæсниадæмæ гæсгæ аккаг куст раттонцæ. Æма мæмæ хъæбæр хуарз цæстæй ракастæнцæ – мæйи фæсте совхози исуæгъдæ 'й аразæги бунат æма косун райдæдтон. Арæзтадон бригади адтæй финддæс лæги æма æрлæудтæн уони сæргъи. Раст цума сæ лæггай еске барæй, мæн амондæн, æвзаргæ ракодта, уотæ æнгом æма хæларзæрдæ коллектив рауадæй. Сæ хæццæ мин æнцон косæн адтæй.

**– Уæ кусти сæйрагдæр ци адтæй?**

– Бунæттон устур хæдзаради цидæриддæр адтæй аразуйнагæй, етæ æнхæстгонд цудæнцæ афойнадæбæл æма хуæрзгъæдæй. Аразтан, гъæууонхæдзарадон нисанеуæг кæмæн адтæй, уæхæн нæуæг азгъуститæ, цалцæг кодтан зæронддæрти.

**– Æма уин е цæйбæрцæбæл æнтæстæй?**

– Хе æстауæни хузи мин æй ма бангъæлетæ, фал алкæддæр архайдтон, цæмæй косгути хæццæ нæ дзурд кæрæдзебæл бадтайдæ, уобæл. Уæдта айдагъ косгути хæццæ нæ, фал гъæуи цæргути хæццæ дæр. Гъæуи цæргутæй нæмæ беретæ сæхе бахатиунцæ: кедæр си багъæуидæ агъаз арæздадон æрмæг иссерунмæ, кедæр ба ести арæзтадон гъуддаги фæккæсун. Æма мæ равгæ куд уидæ, уотæ син архайдтон сæ курдиæдтæ æнхæст кæнунбæл. Уæхæн зæрдихатт дæр мин мæ ниййергути фæдзæхст адтæй.



***БИТАРТИ Вячеслав нæ республики Сæргълæууæг ку адтæй, уæд ин Лескени цæргути хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми ин гъæубæсти номæй райарфæ кодта ХЪОЖИТИ Валоди, балæвар ин кодта хъæма.***

* * *

***Æрæги Лескени арæзт æрцудæй зундгонд поэт ХИДИРТИ Ехйай номбæл литературон конкурс. Аци къари уинетæ еци мадзали архайгути къуар (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): ХИДИРТИ Валери, КОЛИТИ Витали, ТАХЪАЗТИ Рамазан, ХЪОЖИТИ Владимир, СКЪОДТАТИ Эльбрус, ТЕМУРТИ Артем.***



**– Фæстæдæр дæ еци кусти бунат æййевун багъудæй…**

– Раст зæгъис. 1999 анзи ми ракурдтонцæ, цæмæй мæ кандидатурæ балæвардтайнæ Лескени бунæттон администраций сæргълæууæги æвзурстити архайунмæ. Æвзурститæ мин æнтæстгинæй рауадæнцæ æма исдæн бунæттон администраций сæргълæууæг.

**– Фæрсæй кæсгæй, еугур куститæ дæр, уæлдайдæр ба хецауи бунати, кæмæдæрти æнцонгæнæн фæззиннунцæ. Дæу уавæр ба куд адтæй?**

– Хъæбæр цубур рæстæгмæ балæдæрдтæн, бустæги æнцон куст ке нæй гъæуи сæргъи лæуун, уой. Берæ лухкæнуйнаг фарстатæ æвæрд цудæй мæ размæ, уони ба еугурæйдæр æнæмæнгæ гъудæй æнхæст кæнун. Еугæр дæр дони банадтæ, уæд билгæронмæ гъæуама хезгæ дæр ракæнай, кенæ ба дæ дон фæлласдзæнæй. Мæнæн ба билгæронмæ æнæ рахезæн дæр нæ адтæй – ме 'взаргутæ мин мæ рагъбæл хъæбæр устур æма бæрнон ихæстæ æрæвардтонцæ.

**– Бæлвурдæй ба циуавæр адтæнцæ еци ихæстæ?**

– Фиццагидæр, гъæуи цæргутæн медицинон агъаз дæттуни фарста, гъæуи медæгæ нæдтæ барæвдзæ кæнун, цирæгътæ си ниссадзун, Дзæуæгигъæуи хæццæ транспортон бастдзийнадæ исхуздæнон кæнун, уотæ теле-радиобастдзийнадæ дæр. Дзæвгарæ рæстæгути нæ кустонцæ, гъæуи социалон-культурон нисанеуæг кæмæн ес, еци уагæдæнттæ, цæмæй си аллихузон мадзæлттæ арæзт цудайдæ, уой туххæй сæ бундоронæй исцалцæг кæнун гъудæй. Лескени цæугæдони билгæрæнттæ федар кæнун, гъæуи алфамбулай ци бугъæдæнттæ исберæ 'й, уони никкæдзос кæнун…

**– Æма еугур еци гъуддæгутæ еунæг дæу рагъмæ хаудтæнцæ? Е æгæр уæззау уæзæ æй еунæг адæймагæн.**

– Ке зæгъун æй гъæуй, нæ! Еумæйагæй ку нæ рахуæцай сæ æнхæст кæнунмæ, уæд еунæг лæги бон ба уойбæрцитæ кутемæй гъæуама исуа? Уомæ гæсгæ ба мæ архайд райдæдтон мæ бастдзийнадæ гъæуи цæргути æма районі разамунди хæццæ федардæр кæнунæй. Æма си мæхе кæмæ бахатинæ, уонæй алкæмæй дæр истон хъæугæ агъаз. Сæйрагдæр ба адтæй, ме 'мбæстæгтæ мæбæл ке æууæндтæнцæ, æма мæ ке лæдæрдтæнцæ, еци гъуддаг. Уотемæй æнхæстгонд цудæнцæ нæ райаразуйнаг фарстатæ.

**– Ци цæстингасæй дæмæ кастæнцæ де 'взаргутæ?**

– Мæ куст сæ зæрдæмæ ке цудæй æма мæбæл ке æууæндтæнцæ, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма мæ дуккаг хатт дæр исæвзурстонцæ Лескени гъæуи бунæттон администраций сæргълæууæгæй. Айдагъ гъæуи еумæйаг фарстатæ æнхæст кæнунбæл нæ архайдтон, фал хецæн адæймæгути цигъæуæгтæмæ дæр лæмбунæг æргом æздахунбæл дæр архайдтон.

**– Нур, гъæуи сæргълæууæг ку нæбал дæ, уæд дæмæ ци цæстæй кæсунцæ гъæуи цæргутæ?**

– Уомæй ба син сæхе бафæрсæ. Мæн бон ба айдагъдæр уой зæгъун æй, æма кæд дзæвгарæ рæстæгутæ рацудæй уæдæй, уæддæр абони дæр ма фегъосун арфитæ мæ кустити архайди фæдбæл. Æргом ку зæгъон, уæд æфсæрмиаг нецæмæй дæн, мæ бон си æй алке цæсгонмæ дæр комкоммæ бакæсун. Е мæнæн устур хуарзæнхæ 'й.

**– Зонун æй, лимæнтæ-æрдхуæрдтæ дин минкъий нæййес. Æма уæ рахастдзийнадти сæйрагдæр ци æй?**

– Æз уарзун хæлар рахастдзийнадтæ æма архайун сæ багъæуай кæнунбæл. Фал мæ цард куд исахур кодта, уотемæй ба ми баруагæс æй, æцæг лимæнтæ берæ ке нæ фæуунцæ, уобæл.

**– Ескæд дæ еске рауæйæ кодта?**

– Æргомæй некæд. Фал, куд фæззæгъунцæ, адæймагæн е 'скъелтæ сосæггити ка лух кодта, уæхæнттæбæл ба исæмбалдтæн. Мæ цæсти уæхæнттæ алкæддæр адтæнцæ æгадæ, нимади дæр мæмæ некæд неци хузи адтæнцæ æма син сæ кой кæнун дæр мæ нæ фæндуй…

**– Бæрнондзийнадæ хемæ есунмæ ци цæстæй кæсис?**

– Мæнæн е æй бундорон æнтæстити рахуæцæн. Еугæр дæр дæхемæ ихæс райстай, уæд гъоммæлгæ ма уо, исæнхæст æй кæнæ! Æндæр ба уæд ду ка дæ? Адæймаг гъæуама æ дзурдæн хецау уа!..

Берæ æндæр гъуддæгути фæдбæл ма фæуугæ нæ дзубандитæ Хъожити Валодий хæццæ. Уонæн сæ еугурей еу æрмæги фæрци ниммухур кæнуни равгæ нуртæккæ нæййес. Ка 'й зонуй, æндæр хатт ма син сæ кой ракæндзинан. Абони ба ма мæ фæндуй уотæ райарфæ кæнун: «Мæ зæрдæ дин зæгъуй, дæ цардæмбал æма дæ нифсæнцойнæ Мæрзойти Рити хæццæ æнæнез æма нифсæйдзаг цард, уæ кæстæрти амондæй зæрдрохс куд уайтæ!..»

# АДÆМ СÆ НАМУС ФИЦЦАГИДÆР СÆХУÆДТÆ КАДГИН КÆНУНЦÆ





Устур Фидибæстон тугъди агъазиаудæр цаутæй еу иссæй Кавказбæл тох. Уой фæдбæл нæ газети ахид мухургонд фæццæуй аллихузон æрмæгутæ.

Абони бабæй ин æ кой ракæнунæн ба нин ес ахсгиаг рæуагæ – 9 сентябри цуппаринсæй анзи исæнхæст æй, Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй æнæгъæнæй дæр уæгъдæгонд ку 'рцудæй, уобæл.

Аци агъазиау ахедундзийнади фæдбæл дзоргæй, фиццагидæр, уой зæгъун гъæуй, æма немуцаг-фашистон æрдонгтæн сæ нисан Кавказ æнæмæнгæ байахæссун уомæ гæсгæ адтæй, æма син уотемæй равгæ фæцайдæ Фæскавказмæ байервæзунæн, цæмæй сæ къохи бафтудайуонцæ уоми алæмæти æрдзон хæзнатæ, уæлдайдæр ба Бакуй нефти фæрæзнитæ. Уомæн ба неци хузи æруадзæн адтæй – е нæ бæстæн мæлæтдзаг цæфи хузæн адтайдæ. Уомæ гæсгæ ба, знагæн карз нихкъуæрд раттуни туххæй арæзт цудæнцæ еугур мадзæлттæ дæр.

Цæгат Кавкази, уæлдайдæр ба Цæгат Иристони зæнхæбæл райеудагъ æнцæ карзæй-карздæр тугъдтитæ. Сурх Æфсадмæ разиндтæй уойбæрцæ хъаурæ, æма фехалдæнцæ знаги фæндитæ нæ бæсти аци рауæни, мæнæугин зæнхитæ æма нефтхæссæг районтæ сæхе бакæнуни фæдбæл, уæдта хæстæг æма астæуккаг Хорискæсæни бæстихæйттæмæ бампурсуни унаффитæ.

Не 'фсæддонти къохи бафтудæй Кавкази адæмихæттити цард багъæуай кæнун, немуци дæлбарæй сæ исуæгъдæ кæнун. Кавказ багъæуай кæнун æма Сталингради бунмæ тугъдтитæ цудæнцæ еу рæстæгути (1942-1943 æнзти). Кавказ гъæуайгонд ке 'рцудæй, е хуæрзæрдæмæ фæззиндтæй Сталингради бунмæ знаги ниддæрæн кæнунбæл дæр. Еци тугъдтитæн ци устур нисанеуæг адтæй, уобæл дзорæг æй, 1944 анзи 1 майи федаргонд ке 'рцудæй майдан «Кавказ багъæуай кæнуни туххæй», е дæр. Еци хуæрзеуæгæй хуарзæнхæгонд æрцудæй 600 мин адæймаги. Берæ æфсæддон хæйттæ æма еугæндтæ райстонцæ Анапи, Кубани, Новороссийски, Тамани, Темрюки кадгин нæмттæ. Новороссийскæн ба 1973 анзи лæвæрд æрцудæй «Сахар-Бæгъатæр»-и кадгин ном дæр. Дзæуæгигъæу ба хуарзæнхæгонд æрцудæй цитгин ном «Тугъдон Намуси сахар»-и кадгин номæй.

## БÆГЪАТÆРТИ БЮСТИТÆ – ÆРГИНАРÆГИ МЕМОРИАЛИ

Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни тохи рæстæг Цæгат Иристони зæнхæбæл уæлдай карз тугъдтитæ цудæнцæ Кирови райони, Æргинарæг ке хонунцæ, еци рауæн. Æ рæстæги уой фæдбæл ами игонгонд æрцудæй сæрмагонд мемориалон комплекс. Æрæги ба ма ами арæзт æрцудæй еума ахсгиаг мадзал. Мемориали фæзуати æвæрд æрцудæй бронзæй бюсттæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæй дууадæсæмæн – се 'хсæн – Генералиссимус Иосиф Сталин, Маршæл Георгий Жуков, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр Плити Иссæ...

Уой фæдбæл арæзт цитгин мадзали архайдтонцæ нæ республики æма райони разамунди, æхсæнадон-политикон къæбæзти минæвæрттæ, гъæути цæргутæ, ахурдзау фæсевæд.

Монументтæ исæвæруни хъæппæрес равдистонцæ республики Парламенти депутаттæ, райони бунæттон хеунаффæйади администраци ба æхцайæй фæккастæй. Бюсттæ балæвар кодтонцæ еугуруæрæсеуон патриотон проект «Уæрæсейаг Кади Аллейæ»-йи иуонгтæ. Æ нисан æй еци æнæмæлгæ бæгъатæрти нæмттæ исæносон кæнун.

Проекти автортæ куд зæгъунцæ, уотемæй сæ архайди фæрци бæсти цæргути зæрдæбæл æрлæууун кæндзæнæнцæ Фидибæсти бæгъатæрти нæмттæ, граждæнти патриотон уод фæгъгъæздугдæр кæндзæнæнцæ, иразгæ фæлтæр ба еци æнæмæлгæ традицитæбæл гъомбæлгонд цæудзæнæнцæ.

Аци проекти фæрци ма æрæги арæзт æрцудæй еума арфиаг гъуддаг – æносонгонд æрцудæй Устур Фидибæстон тугъди намусгин архайæг Давыдов Ладо Ширинтшай фурти рохс ном. Е райгурдæй 1924 анзи Дзæуæгигъæуи. Ардигæй 1942 анзи рандæй Сурх Æфсади рæнгъитæмæ, æхсаргинæй тох кодта немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ. 1944 анзи 22 июли ин лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Абони дæр иронх нæй æ райгурæн Иристони. Æ ном хæссуй Дзæуæгигъæуи 6-аг астæуккаг скъола. Æрæги ба аци ахургæнæндони æвæрд æрцудæй бæгъатæри бюст.

# ФÆЛТÆРТÆН УОДЗÆНÆНЦÆ ЗÆРДÆБÆЛДАРУЙНАГ...

*Беслæни маисон комбинати (БМК) микрорайони «Æртæкъумон» ке хонунцæ, еци парки кадгин уавæри байгон кодтонцæ циртитæ Александр Булатов, Сергей Завгородний æма Гæтийти Керменæн. Аци нæмттæ хуарз зонунцæ, БМК-йи ка куста æма еу бийнонти хузæн æнгомæй ка цардæй, еци хестæр фæлтæрти минæвæрттæ.*

**Александр Николайи фурт Булатов** Устур Фидибæстон тугъди рæстæг разамунд лæвардта нæ республики промышленности флагманæн, нæ бæстæ сæрустур кæмæй адтæй, еци Беслæни маисон комбинатæн. Кустуат тугъди рæстæги дæр не 'рлæудтæй. 1942 анзи, немуц Беслæнмæ ку 'рбахæстæг æнцæ, уæд æ косгутæ, æхсæвæ-бон не 'взæргæй, платформæбæл æвардтонцæ комбинати ефтонггæрзтæ, аппаратурæ, цæмæй сæ Грозна æма Бакумæ æрвистайуонцæ. Айдагъдæр уотемæй багъæуайгæнæн адтæй агъазиау кустуат. Уомæй уæлдай ма БМК фронтмæ æрвиста æ продукци – мурæг (патока), декстрин, глюкозæ æма берæ æндæртæ цудæнцæ госпиталтæмæ.

**Гæтийти Захари фурт Кермен** дæр еци рæстæг æ кусти бунати сахари цæргутæн устур нифси хуасæ адтæй. Евгъуд æноси 30-аг æнзти БМК иразтæй, æ равналæнтæ агъазиаудæр кодтонцæ, адæм имæ аллирдигæй кустмæ цудæнцæ, поселокки дæр цæрунæн гъæугæ уавæртæ арæзтонцæ: скъола, рæвдауæндонæ, клуб. Ке зæгъун æй гъæуй, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади фарста дæр лæудтæй кустуати размæ. Еци ахсгиаг гъуддаг бабарæ кодтонцæ фæлтæрдгун дохтир Гæтийти Керменæн. Еци рæстæг е куста Нузали сæйгæдони сæйраг дохтирæй. Кермен 1937 анзи поселокки еу корпуси байгон кодта фиццаг поликлиникæ. Зæгъун æнгъезуй, сæйгитæ имæ цудæнцæ æхсæвæй-бонæй. 1942 анзи, немуцаг фашистти хæццæ уæззау тугъдтити рæстæг Гæтийти Кермен суткæгай операцитæ кодта цæф æфсæддонтæн, рæстæгмæ госпитæл кæмæй исарæзтонцæ, еци БМК-йи клуби.

**Сергей Ильяйи фурт Завгородний**, тугъди уодуæлдайæй архайæг, Беслæни дуккаг скъолай раздæри директор. Уæлдæр куд загътан, уотемæй, социалон ахедундзийнадæ кæмæн адтæй, еци объекттæй еу дæр æ куст нæ бауорæдта тугъди рæстæги. Уотæ – скъола дæр, кæд уавæртæ уæззау адтæнцæ, уæддæр уроктæ кодтонцæ. Уæди ахурдзаутæ ма гъуди кæнунцæ, скъоламæ пецæн гъæбеси дзаг согти хæццæ куд тагъд кодтонцæ, уой. Сергей Ильяйи фурти математики уроктæ куд цудæнцæ, уобæл хецæнæй ниффинсун æнгъезуй, æ ахурдзаути зæрдæбæл нур дæр лæуунцæ.




Уæхæн æрдхуæрæни лæгти нæмттæ гъæуама иронхути куд байзайуонцæ?! Еци фарста сæхемæ ахид лæвардтонцæ Беслæни хестæр кари адæм. Æгас ма 'нцæ, ка сæ зудта, сæ хуарз гъуддæгутæн æвдесæн ка адтæй, уонæй беретæ. Сæ сорæттæ син «Æртæкъумон» парки исæвæрун гъуди ба æрцудæй, æхсæнадон архайæг, поэт Торчинти Хъазбегмæ (Мэлс), уæдта æ исаразуни туххæй хæрзти зингæ хай дæр æхемæ райста.

Аци арфиаг гъуддаг исаразуни туххæй Гæтийти Кермени фурт Тамбий æхе бахатта Рахесфарси райони администраций сæргълæууæг Мирикати Хъазбегмæ æма исараси æй æ курдиади хæццæ, байихæс кодта администраций бундорон арæзтади хайади хецау Къæбойти Заурæн парки фадуæттæмæ гæсгæ си федауцæ бунат иснисан кæнун.

Æма уоййадæбæл куститæ сæ тæмæни бацудæнцæ. Гъуддаг гъæугæ хузи исаразунæн райони администраци дæр фæккастæй æхцай фæрæзнитæй. Тауитти Руслан бюстити æрхиййæй бамбарзта.

«Æртæкъумон» паркмæ циртитæ байгон кæнуни кадгин мадзалмæ æрбацудæнцæ Беслæни маисон комбинати поселокки цæрæг хестæртæ, комбинати раздæри косгутæ, дзиллон-æхсæнадон организацити, фæсевæди минæвæрттæ. Хестæртæ сæ радзубандити æримистонцæ се 'ригони бæнттæ, комбинати сæ кусти, сæ царди хабæрттæ æма сæмæ адæм, уæлдайдæр ба кæстæртæ цæмæдесæй игъустонцæ. Мадзали архайдта Рахесфарси райони Минæвæртти æмбурди сæрдари хуæдæййевæг Уарзиати Валери. Æма æ радзубандий уотæ зæгъта:

– Абони ами уе 'хсæн ке дæн, е мæнæн устур кадæ 'й. Райони разамунди номæй арфæ кæнун, циртитæ исæвæруни гъуди ке зæрдæбæл æрлæудтæй æма 'й царди рауадзунбæл зæрдиагæй ка байархайдта, æхцай фæрæзнитæй, уоди хъаурæй ка фæййагъаз кодта, уонæн. Е агъаз æй æригон фæлтæри гъомбæладæн, уадзæ æма зононцæ, абони царди бундор ка æвардта, æма нур не 'хсæн ка нæбал æй, еци хестæрти.

Циртдзæвæнтæ байгон кæнуни барæ лæвæрд æрцудæй Александр Булатов, Сергей Завгородний æма Гæтийти Кермени фуртти фурттæ æма уони фурттæн, кæцитæ сæрустурæй иситонцæ уорс æмбæрзæн. Уой фæсте мадзали архайгутæ циртитæбæл деденгутæ исæвардтонцæ.

***БАЛИКЪОТИ Тотраз: «Алли дзамани цардарæзти фæткитæй кæцидæртæ кæд фулдæр æхсæнадон-политикон гъуддæгутæбæл нимад фæуунцæ, уæддæр æхсæнади фæткитæ æма бийнонти медæгæ ’гъдау кæрæдзей хæццæ хъæбæр æнгом баст фæуунцæ, берæ цæмæйдæрти кæрæдзей фæнзунцæ æма исæмхузон унцæ. Уомæ гæсгæ ба,***



кодта диссертацитæ бацæттæ кæнуни гъуддаги – айдагъ нæхемæ нæ, фал нæ устур паддзахади алли рауæнтæй дæр имæ æхе ка бахатидæ, уонæн. Уонæй еу иссæй Баликъоти Тотраз дæр – æртæ анземæ бацæттæ кодта кандидати диссертаци, фал æ багъæуай кæнуни ба ’й, æхецæй дæр æма æ разамонæгæй дæр аразгæ ка нæ адтæй, уæхæн цидæр организацион къулумпитæ ’й бахъор кодтонцæ еуцæйбæрцæдæр рæстæг. Фал имæ уæддæр разиндтæй бабухсуни хъаурæ, æма Кубани паддзахадон университети 1984 анзи 21 сентябри æнтæстгинæй багъæуай кодта æ диссертаци æма иссæй историон наукити кандидат. Ци хъиамæт бакодта æхсæвгай (бонæ кусти уидæ, Ирæфи района газет «Ленинец»-и куста бæрнон секретарæй), уой æхе уод æма е ’мхузæнттæй фæстæмæ неке зонуй. Æхцæуæн адтæй хеуæнттæн, лимæнтæн, фал еугуремæй æхцæуæндæр ба адтæй æ ниййергутæн.

Баликъой-фурт 1985 анзи иссæй нæхе университети историй кафедри ассистент. Мостити Барис исонибони берæ устур æнтæстдзийнæдтæмæ æнгъæлмæ кастæй Тотразмæ, дардта æ зæрдæ – æнæзийнадæ, кустуарзон, зæрдерис лæхъуæнæн цубур рæстæгмæ æ хъаурæ

# Æ УÆЛЗÆНХОН ЦАРД АДТÆЙ КАДГИН, Æ РОХС НОМ – ÆНОСТÆМÆ ИМИСУЙНАГ...



**ДЗИДЗОЙТИ Валерий,**
**историон наукити доктор, профессор**

Хуцау мин ци хуарздзийнæдтæ исаккаг кодта, уонæн сæ агъазиаудæрбæл уой нимайун, æма мæ фæххайгин кодта уæхæн зæрдтаг æрдхуæрдтæй, кæцитæй дæн хъæбæр сæрбæрзонд, федарæй сæбæл дарун мæ зæрдæ алли уавæри дæр. Уæхæн æмбал мин адтæй чиколайаг Баликъоти Мæхæмæти фурт Тотраз... Хъæбæр зæрдхъурмæй æй зæгъун: «Адтæй...» Хуцау мин æй алæмæти æхцæуæнæн исаккаг кæнгæй, фæффудевгед кодта уомæй – не ’рдхуарддзийнади фарнæй нæ бафсæдгæй мин æй, байагурдта æносон дуйнемæ... Бæргæ бæлдтæн æ хуарздзийнæдтæмæ гæсгæ ’й ести æхцæуæндзийнæдтæй барæвдаун, фал... Зæрдхъурмæй хъонц кæнунæй æндæр мæ бон нецибал æй... Бæргæ, мæ аци финстæг дæр мæ ауæхæн хузи финсун ку нæ багъудайдæ. Мæ зæрди адтæй циййнаг хузи мæ зæгъуйнæгтæ зæгъун – иннæ анз ноябри Тотразбæл гъæуама исæнхæст адтайдæ фараст æма æртинсæй анзи, æма мæ фæндадтæй мæ зæрдтагон арфитæй ин æ зæрдæ барохс кæнун. Фал мæ еци фæндæй, гъулæггагæн, нецибал рауайдзæнæй... Уой бæсти мæ багъудæй тæфирфæси зæгъуйнæгтæ финсун.

* * *

Мæ бон æй уотæ зæгъун, æма Тотрази хæццæ нæ лимæндзийнадæ ци берæ рæстæгути рахаста, уони дæргъи не ’хсæн ци рахастдзийнæдтæ æма æмзæрдиуондзийнадæ нихсистæнцæ, етæ мæ ихæсгин кæнунцæ, цæмæй си дæн боз æма сæрустур, гъе уой туххæй зæгъун, уæлдайдæр ба нур, æ номерæн бони.

Тотрази хæццæ кæрæдзей комкоммæ базудтан евгъуд æноси æвдайæймаг æнзти. Куд фæззæгъунцæ, берæ цæнхæ бахуардтан еумæ, берæ гъуддæгутæ æма фарстати фæдбæл кæрæдзей лæдæрдтан уотид цæстингасæй дæр, уомæн æма Тотрази хузæн адæймаги хæццæ æнæ уотæ уæн дæр нæ адтæй.

Лæг æ карæмæ ку исхъæртуй, уæд фæстæмæ кæсун ахиддæр райдайуй. Евгъуд æнзти цаутæ, хуарзæй дæр æма лæгъузæй дæр си ци адтæй, уони имисуй. Нимайуйнæгтæ, рабаруйнæгтæ исберæ унцæ. Берæ цидæртæ феронх кæнæн, фал хуарз æма æхцæуæнæй ци фæууй нæ царди, етæ ба уæддæр нæ зунди ниффедар унцæ нæ хæццæ царди кæронмæ. Æма уонæй тæккæ устурдæр гъæздугдзийнадæ адæймагæн, баруагæс уи уæд, æнцæ æ бийнонтæ, уæдта æ хуарз æрдхуæрдтæ, æма еци гъæздугдзийнæдтæй Тотраз хуæрзæнхæст адтæй. Уомæн æвдесæн – æ карни еугур хабæрттæ æма цаутæ.

* * *

Абони мæ уæддæр цубурæй æримисун фæндуй Тотразæн æ цардвæндаги хабæрттæй кæцидæрти. Нæхе паддзахадон университети историон факультет каст фæууогæй, еуцæйбæрцæдæр рæстæг куста æ райгурæн гъæу Чиколай фиццаг астæуккаг скъолай историй ахургæнæгæй. Æ куст æ зæрдæмæ цудæй, е ’мкосæг ахургæнгути æма ахурдзаути ’рдигæй дæр бæрзонд аргъгонд цудæй. Ами партион организаций коммунистти фæндонæй æй райстонцæ Коммунистон партий рæнгъитæмæ дæр. Уæдмæ ба ’й исæвзурстонцæ Ирæфи района фæскомцæдеси райкоми хайади разамонæгæй дæр.

Куд уинæн, уотемæй æ карни хабæрттæ зæрдæмæдзæугæ цудæнцæ. Фал æй еу бæлдæ æнцад нæ уагъта – наукон кустмæ ’й æ зæрдæ хъæбæрдæр ивазта. Фæсауунмæ бацудæй нæхе университети аспирантурæмæ. Æ наукон разамонæг иссæй историон наукити доктор, профессор Мостити Мухарбеги фурт Барис. Аци искурдиадæгин ахургондæй æма дессаги зæрдхæлар адæймагæй цал æма цал адæймаги байзадæнцæ бозæй. Хъæбæр беретæн си фæййагъаз ке исуодзæнæй историон наукити доктор исун. Фал, ци гæнæн ес, Тотразæн е ’нæнездзийнадæмæ гæсгæ цæугæ рауадæй Астæуккаг Азимæ.

Барис æй раст цума зонгæ кодта, уотæ ин фæдзахста: «Дæ бон æй, æма мæ цардæгаси ку нæ, уæддæр мæ фæсте багъæуай кæнæ наукити доктори диссертаци...»

Тотрази кæд хъæбæр фæндадтæй æ уарзон ахургæнæги фæдзæхст уой цардæгасæй исæнхæст кæнун, уæддæр ин е нæ бантæстæй – Барис уæдмæ æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй. Æма уæд Тотраз æхецæн федарæй загъта: «Бариси фæдзæхстæн æнæ исæнхæст кæнæн нæййес!..»



Тотраз æ фидæ Мæхæмæт, æ мадæ Анисæ æма æ иннæ хеуæнтти хæццæ.

**Номдзуд советон партион-паддзахадон архайæг, Советон Цæдеси Маршæл, Советон Цæдеси Бæгъатæр, Социалистон Фæллойни дууæ хатти Бæгъатæр Дмитрий Федори фурт Устинови райгурдбæл 30 октябри æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1908-1984).**

***æ бийнонти ’хсæн уогæй хуæрзæгъдаудзийнадæ æма цæсгондзийнадæ, рæстзæрдæдзийнадæ, адæймагуарзондзийнадæ ке тоги нæ бацудæнцæ, е сæ адæми ’хсæн æвдесунгъон нæ исуодзæнæй. Иннемæй ба – адæми ’хсæн уогæй си илгъагдзийнæдтæбæл ка фæццалх уа, е сæ æ бийнонти ’хсæн дæр кæндзæнæй. Æма уой уæхуæдтæ нæ уинетæ?..***



Кæд уавæртæ æнцон нæ адтæнцæ, уæддæр 1991 анзи кæрони æ диссертаци цæттæ адтæй, минкъий цидæртæ ма ’й гъудæй. Фал советон паддзахади ниппурхи фæсте берæ гъуддæгутæ дон æ бунмæ фæлласта. Таджикистани дæр райдæдтонцæ хæлхъойтæ. Æма уомæ гæсгæ Тотраз 1993 анзи фæстæмæ исæздахтæй нæхемæ. Нæ ирдта куст институтти, Чиколай дæр – неци хиццаг. Хуарз æма уæди рæстæги райони газет «Ленинец»-и редактор Бесолти Æхсарæ хуарз зудта Тотрази хъаурæ, уой размæ еумæ дæр кустонцæ редакций, æма ’й æрбакодта косунмæ редакцимæ. Æма утемæй рабæрæг æй ме ’рдхуарди еума ацъагъуæ – журналистон искурдиадæ. Иссæй Советон Цæдеси журналистти Цæдеси иуонг дæр.

Цанæбæрæг рæстæг рацудæй, æма ин уæдмæ ба фадуат фæззиндтæй университети косун райдайунæн. Иссæй политологий кафедри ахургæнæг.

Фæстæдæр ба ’й иснисан кодтонцæ университети социалон-гуманитарон ахуради Центри ректорæй, æ бæрнæхсти – 16 кафедри, 200 ахургæнæгæй бæрцæ. Берæ ихæстæ си æнхæст кæнун гъудæй, фал уой уæлæнхасæн кастæй лекцитæ, архайдта наукон конференцити, финста уацхъудтæ, методикон æрмæгутæ киунугути, адтæй журнали редколлегий иуонг, берæ диссертацитæ æма киунугути рецензент, оппонент. Еци-еу рæстæг ба цæттæ кодта доктори диссертаци. Бæргæ ’й фæндадтæй æ фиди зæрдæ барæвдаун æ диссертаци багъæуай кæнунæй, фал ин нæ бантæстæй уой цардæгаси еци гъуддаг исаразун. Берæ цидæртæ ’й бахъор кодтонцæ. Фал уæддæр æ разæнгарддзийнадæ нæ нидæн кодта. Уоййасæбæл æнцон ба ин кæми адтæй!.. Æ мизди къапеккитæ харзгонд цудæнцæ æ наукон хабæртти фæдбæл балцитæбæл. Къапеккити миздæй æнцон цæуæн кæми адтæй Мæску, Ростов, Стъарапол, Нальчик, Черкесск, Махачкала æма æндæр сахарти архивтæмæ. Фал уæддæр исхъаурæ кодта.

Мæнæн дæр мæ бон ци адтæй, уомæй ме ’рдхуарди фарсмæ куд нæ балæудтайнæ – 1998 анзи мæ куст Нальчиккæй Дзæуæгигъæумæ æрбаййивтон, нæхе университети федаргонд æрцудтæн политологий кафедри сæргълæууæгæй æма историкон факультети деканæй. Аллихузи нæ куст еумæ адтæй, уой размæ дæр. Зудтон Тотрази æнтæстдзийнæдтæ, фал мæмæ æхе ку ’рбахадта: «Валерик, ду мин куд уай наукон консультант доктори диссертаци финсунмæ, уотæ мæ фæндуй». Хъæбæр æхцæуæн мин адтæй, æгайтима мæбæл æ зæрдæ даруй, зæгъæ.

Уæдмæ берæ наукон уацтæ адтæй Тотразмæ, фал сæ фулдæр национ политикæ æма Устур тугъди рæстæгбæл. Мæ зæрдæ дардтон, бафтуйдзæнæй æ къохи, мæстаг, фæсмойнаг мæнæн нецæмæй уодзæнæй. Фал уæддæр сагъæсти бафтудтæн – уой дæр уомæ гæсгæ, æма бавналдта наукон-æртасæн, политикон æгъдауæй æгæр зин, уæззау темæмæ: «Национальная политика Советского государства на Северном Кавказе в годы Великой Отечественной войны 1941-1945 гг.» Уой фæдбæл цалдæр хатти фæдздзубанди кодтан, дузæрдугдзийнадæй нæмæ ци гъудитæ фæззиннидæ, уонæбæл, фал уæддæр федарæй исфæндæ кодта аци темæбæл бакосун. Еци гъуддаг цæйбæрцæбæл зин æнхæстгæнæн адтæй, е ба бæлвурд адтæй уомæй дæр, еци фарстамæ уæди уæнгæ наукон æхсæнади аккаг каст кенæ æгириддæр нæ цудæй, кенæ ба уæлæнгæйтти. Æма еци «нæхъæртондзийнадæ» банхæст кæнун бантæстæй Тотразæн.


Тотраз университети е студентти хæццæ.

Наукон-теоретикон æгъдауæй Баликъой-фурти докторон диссертаци нæ историон науки байахæста зингæ бунат. Æ докторон диссертацимæ гæсгæ ци киунугутæ бацæттæ кодта, уони абони дæр хъæбæр ахсгиагæй байагорунцæ, уой дæр айдагъ аспиранттæ æма докторанттæ нæ, фал Уæрæсей алли рауæнти уæлдæр ахургæнæндæнтти ахургæнæгутæ дæр – Мæскуйæй, Санкт-Петербургæй...

Æ наукон архайди нимæдзæ, наукон æгъдауæй нецæййаг «дессагдзийнæдти» («жареные факты») фæдбæл нæ догъ кодта, фал алцæмæдæр кастæй æма алцæмæндæр аргъ кодта рæстадæ æма наукон ахедундзийнади цæстингасæй. Алцæмæдæр кастæй лæмбунæг, рецензент кенæ оппонент уогæй, Тотраз ци диссертаци бакæсидæ, уой туххæй уийанæ æдас – аккаг хузи финст ку нæ уидæ, уæд ин Тотраз, куд фæззæгъунцæ, «цъæх над» нæ равардтайдæ. Æ хатдзæгти хæццæ алкæддæр адтан арази. Фал ин еухатт ба уæддæр цæмæдæр гæсгæ уотæ бакодтон:

– Ме ’рдхуард, æгæр карз ма уо, бустæги арф ма ’згелæ...

Тотраз бахудтæй æма мин уотæ загъта:

– Хуарз лæг! Лимæндзийнадæ хъазар æй, фал дæхе ахургонд дæн, куд мин амудтай, уотæ кæнун. Æз лæгъуз ку уон, уæд дæу дæр лæгъуз ахургæнæг хондзæнæнцæ.

Æхе нивгун, амондгун адæймаг худта мæ хуарз æрдхуард Баликъоти Тотраз. Кæд æй берæ гъуддæгутæ гъигæ дардтонцæ, уæддæр. Уотæ фæззæгъидæ: «Мæ тæккæ кари дæн, исдæн æцæг баба, мæ кæстæртæй æма уони кæстæртæй зæрдрохс дæн... Мæ алфамбулай берæ уарзон хеуæнттæ, æмгæрттæ, мæ æзини æма абони ахургæнгутæ, курухон хестæртæ, хъазар æрдхуæрдтæ, кæцити уарзт мæ тавуй æма мин дæттуй устур нифс. Рæстзæрдæй цийнæ кодтон, кæнун æма кæндзæнæн! Боз дæн хуарз адæмæй, цардæй!..» Мæн зæрдæ дæр байгъæлдзæг уидæ аци лæгмæ игъосгæй, дессаги нифси хецау адтæй.

«Дигорæ»-йи редакций косгæй, ци æрмæгутæ ниммухур кæнидæ, етæ дæр ин дессаги зæрдæмæдзæугæ уиуонцæ, адæймаги арф гъудитæбæл бафтауиуонцæ.

* * *

Абони ма мæ еу гъуддаги туххæй æнæмæнгæ зæгъун фæндуй. Лæгæн æ фæскъилдун федар ку уа, уæд æ нифс устур æй. Тотразмæ ма еци хузи дæр устур нивæ ракастæй. Æ цардæмбал Хъарати Исай кизгæ Нинæ уомæн федар æнцойнæ ку нæ адтайдæ, уæд Тотрази уавæр фæлмастдæр адтайдæ. Бийнойнаг æ усхъæ ку нæ дара, ку нæ дæ лæдæра, уæд еске нæ, фал дæхе диссертаци кенæ киунугæбæл дæр хъæбæр зин архайæн æй. Æз мæхуæдæг æвдесæн дæн, Тотразмæ ци цæстингас дардтонцæ æ бийнонтæ, æ кæстæр æнсувæр Рамазан. Уомæн етæ адтæнцæ æ хъаурæ, æ исонибон.

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн зундгин загъд: «Лæги рагъи – дууæ уаргъи: ци бакодта хуарзæй æма ма ци бакæндзæнæй арфиагæй!..»

...Тотразæн берæ арфиаг гъуддæгутæ ма исаразун бæргæ бантæстайдæ, фал, гъулæггагæн, уомæн ин равгæ нæбал фæцæй… Уомæ гæсгæ ба, баруагæс уи уæд, æ цардвæндагбæл рацæуæй, ци берæ хуарздзийнæдтæй фескъуæлтæй, етæ дæр дзæвгарæ ’нцæ, цæмæй æ уодæнцойнæн зæгъæн: «Æ уæлзæнхон цард – кадгин, æ рохс ном – æностæмæ цæруйнаг...»

## РЕДАКЦИОННОЕ ПОСЛЕСЛОВИЕ




Недавно увидела свет монография «Межнациональные отношения и этнополитические процессы в постсоветской Осетии: проблемы и перспективы совершенствования». Ее авторы – доктор политических наук Борис КОЙБАЕВ и кандидат исторических наук Аслан БАЛИКОЕВ (сын Т.М. Баликоева). Свою работу они посвятили светлой памяти доктора исторических наук, профессора Северо-Осетинского государственного университета имени К.Л. Хетагурова Баликоева Тотраза Магометовича (1953-2022 гг.)

Работа представляет собой историко-политологическое исследование межнациональных отношений и этнополитических процессов в Осетии в постсоветский период. В ней рассмотрены вопросы регулирования этих сложных процессов. Авторами выявляются причины межнациональных противоречий и пути их решения в условиях перехода от социалистических к буржуазно-демократическим преобразованиям. Следует отметить, что и профессор Т.М. Баликоев в своей научно-исследовательской деятельности значительное внимание уделял анализу данных проблем.

***В Госдуму внесен законопроект о переименовании «обидных» названий сел. Предлагается запретить называть населенные пункты словами, которые оскорбляют местных жителей. В качестве примера: саратовское село Лох, ивановское Антилохово, Шалава, что под Ярославлем. И, наконец, Бухалово – в нескольких областях. Инициативе прочат тяжелую судьбу. Кому-то названия не нравятся, но многие местные привыкли, и менять ничего не намерены.***

## ХУМИ УÆРЦЦÆН Æ ЦАРД Æ ЗÆРДÆМÆ НÆ ЦУДÆЙ ÆМА ХУЦАУИ ЦАРДМÆ БÆЛДТÆЙ...

# ЕСКЕ БАЗУРТÆЙ ТÆХÆН НÆЙЙЕС!..



***Еу хецау, дан, Нæ кустмæ афойнадæбæл нæ цудæй, нæ косгæ кодта. Æма ин уой æ хуæдæййевæг æ цæстæмæ ку бадардта, уæд ин загъта: «Æз косгæ ку кæнинæ, уæд ду ами нæбал косисæ!..»***

***Ду ба дæ кустæй арази дæ æви нæ, уæдта хецау исунмæ цæйбæрцæбæл бæллис, уой исбæлвурд кæнунæн кæдимайди ба фæййагъаз уиуонцæ нæ абони æрфарсти фарстатæ.***

**1. Æригонæй ду уисæ:**
**а)** Ци адтæн, уомæй байзадтæн.
**б)** Тæхсæл адтæн, еу рауæн нæ бадтæн.
**в)** Сабур, мадзора адтæн.

**2. Еци-еу кусти бунати цæйбæрцæ рæстæг косис?**
**а.** Цалинмæ хецау æ хеуæнтти ивазуй хæрдмæ. Уæдта æ хæццæ бахæстæг кæнинæ?
**б)** Хецауи гъоси бацæгъдун гъæуй, цæмæй мæ кусти фæуузлдæр кæна.
**в)** Еу бунати берæ нæ гæдзæ кæнун. Ахид мæ раййевæ-байййевæ кæнунцæ, кенæ ба ма фæббæрзонддæр кæнунцæ.

**3. Куд дæмæ кæсуй, дæ кусти мизд дæ аккаг æй?**
**а)** Фæффулдæр кæнун дæр ин æнгъезуй.
**б)** Мæ зæрдæмæ цæуй. Премитæ дæр мин дæттунцæ.
**в)** Хъæртуй мин барæ-æнæбари.

**4. Сæумæй кустмæ нæхстæргæнгæй цæбæл фæгъгъуди кæнис?**
**а)** Офисмæ бацæудзæнæн, къофи бацумдзæнæн æма мæ цард фæххиццагдæр уодзæнæй.
**б)** Бони дæргъи ци бакæнуйнаг дæн, уони номхигъд фæррахатæ-бахатæ кæнун.
**в)** Майрæнбони уæнгæ ма ци бæнттæ байзадæй, уони нимайун.

**5. Дæ хецауи хæццæ уæ рахастдзийнæдтæ куд æнцæ?**
**а)** Ци мин зæгъа, уой исæнхæст кæнун. Æ хæццæ буцæутæ кæнунбæл мæ хъауритæ нæ исафун. Сагъæс кæнун уомæ хауй.
**б)** Кусти куд фæууй, уотæ. Æнæ рабуцæу уæн дæр нæййес.
**в)** Æ хæццæ фембæлунæй мæхе тиллеф кæнун.

**6. Уæ хайадæн ахсгиаг куст ихæсгонд æрцудæй æма ’й тагъд исæнхæст кæнун гъæуй. Ци кæндзæнæ?**
**а)** Ци мин байхæс кæнонцæ, уой æнхæст кæндзæнæн.
**б)** Иннетæ гъезæмарæ кæнæнтæ. Уогæ бустæги æдзæллаг уавæр ку исæвзура, уæд фæййагъаз кæндзæнæн.
**в)** Гъуддаг мæ къохтæмæ райсдзæнæн.

**7. Де ’мкосгути ’хсæн дин лимæнтæ ес?**
**а)** Нæ коллектив æнгом баст æй кæрæдзебæл. Еугур бæрæгбæнттæ дæр еумæ фæббæрæг кæнæн.
**б)** Ес, фал еугæйттæ.
**в)** Хумæтæги æмгустади рахастдзийнæдтæ, æндæр неци.

**8. Куд дæмæ кæсуй, хуæздæр разамонгутæ...**
**а)** Коллективи уæхæн уавæртæ исаразунцæ æма си æ гъуди æргомæй зæгъунæй неке тæрсуй. Фал уæддæр унаффæ ба сæхуæдтæ хæссунцæ, бæрнондзийнадæ дæр сæхемæ хауй.
**б)** Алли косæгмæ дæр агорунцæ хецæн бацуд.
**в)** Иннети мæти не ’фтаунцæ.

**9. Хуæздæр дæмæ ци кæсуй?**
**а)** Хæдзари хецæнæй косун.
**б)** Хуарз фæсевæд кæми уа, уæхæн коллективи косун.
**в)** Дæсни косгути хæццæ фæрсæйфарсмæ косун.

**Ци дзуæппитæ равзарай, уонæн исаргъ кæнæ мæнæ айбæрцæ баллтæй:**

2 балли: 1Б, 2В, 3Б, 4Б, 5В, 6В. 7Б, 8А, 9В.

Еугай баллтæ: 1А, 2Б, 3В, 4А. 5А. 6А. 7В. 8Б, 9А.

Ноль балли: 1В, 2А, 3А, 4В, 5В, 6Б, 7А, 8В, 9Б.

### НУР БА ÆРÆМБУРД БАЛЛТÆ ЕУМÆ БАНИМАЙЕТÆ ÆМА ИСКÆНЕТÆ ХАТДЗÆГТÆ.

**14-18 БАЛЛИ:** Ду æцæг разамонæг дæ, æма, æвæдзи, хецау исдæ. Кенæ ба, фæсауuонæй разамунд дæттунмæ ка арæхсуй, уомæ гæсгæ ба дæхе не ’ргом кæнис. Дæ бон æй дæ хецауи дæр райеуварс кæнун æма ин æ бунат байахæссун. Фал ди иронх ма уæд, цийфæнди ацъагъуæгин ку уай, уæддæр дæ гъæуй хе командæ, агорæ æмцæдесонтæ. Æма дæ нихмæлæууæгæн аккаг аргъ нæ искæнунæй тæрсæ – дæ нури хецау дæр уой размæ кедæр æ бунатæй ранхуæрста.

**8-13 БАЛЛИ.** Ду раздзæуæг дæ – фал дæ меднимæр. Ци къабази косис, уоми лæгъуз нæ арæхсис. Фал æгæр æфсæрмигæнагæ ке дæ, уомæ гæсгæ ба дæхецæн нæ аккаг кæнис дæ хецауи бунат байахæссунбæл архайун. Æви дæмæ адтæй уæхæн гъудитæ? Нæ? Мадта идарддæр уотемæй косæ дæ уоди æхцæуæнæн. Маци, уоми дæр дæ балæдæрæн ес: цæмæн гъæуй дæхе уæлдай ихæстæй уаргъгин кæнун.

**0-7 БАЛЛИ.** Зæгъун æнгъезуй, æма ду дæ хуæрзæгъдаугин косæг. Рæстзæрдæй косис, сабургай ирæзис дæ кусти гъуддаги. Дæ хецауи æ бунатæй ранхуæрсун дин нисан нæй. Ес дин уомæй ахсгиагдæр гъуддæгутæ. Хецау ба? Ци ’й, цæрæд æма косæд, уомæн æма уой фæрци берæ цæбæлдæрти исахур уодзæнæ.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Адæмон таурæхъмæ гæсгæ циуавæр зайæгой ирæзуй, æлгъист æма тæрегъæдгин адæймæгутæ кæми фæммард унцæ, еци рауæнти?**
**а)** Бæхисиндзæ. **б)** Пуруса. **в)** Тъупгæнагæ синдзæ.

**2. Альпинисттæн фусунуат «Еуæндæсей фусунуат» («Приют одиннадцати») 1938 анзæй ба 1998 анзи унæгæ кæци хонхбæл адтæй?**
**а)** Эльбрус. **б)** Хъазбег. **в)** Дыхтау.

**3. Силгоймæгти нæмттæй кæци бердзейнаг æвзагæй æй ку ратæлмац кæнай, уæд амонуй «къулух»?**
**а)** Глафирæ. **б)** Клавдия. **б)** София.

**4. «Фæррасуг дæ кæндзæнæй, дæ билтæбæл нæ бамбæлгæй», зæгъгæ, араббæгтæ циуавæр деденæгæй фæззæгъунцæ?**
**а)** Уарде. **б)** Тюльпан. **в)** Гигина.

**5. Æнæмæнгæ ин фæййагъаз уодзæнæй фæууæлахез унæн, зæгъгæ, си ке æруагæс кодта, уомæ гæсгæ номдзуд император Наполеон еудадзуг æ хæццæ ци хъазар дор дардта, е куд хуннуй?**
**а)** Алмаси **б)** Дзиндзи. **в)** Налхъутналмас.

**6. «Тугъди ка нæ адтæй, уой тугъди туххæй дзоруни барæ нæййес…» – уотæ дуйней киноаййевади архайгутæй ка загъта?**
**а)** Марлен Дитрих. **б)** Брижит Бардо. **в)** Ален Делон.

**7. Цæгат Иристони номдзуддæр фæлладуадзæн рауæнтæй еу, Цъæйи курорт кæци анзи байгон æй?**
**а)** 1923. **б)** 1924. **в)** 1930.

**8. «Æфсæддони топп нæ, фал минкъий ахургæнгути абетæ гъæуама дæттонцæ фæткæ дуйнейæн…» Аци гъуди ка загъта Иристони рохситаугутæй?**
**а)** Ардасенти Алихан. **б)** Гассити Афанасий. **в)** Уруймæгти Харитон.

**9. Цæгат Иристони композиторти Цæдес кæци анзи арæзт æрцудæй?**
**а)** 1925. **б)** 1930. **в)** 1938.

* * *

**Раст дзуæппитæ нæ газети 40-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Къуæтти. **2.** Жан Маре. **3.** Еу. **4.** Фидель Кастро. **5.** Фаинæ Раневская. **6.** Пъæмидор. **7.** Василий Верещагин. **8.** Гулути Андрей.

## НА ПУТИ ЛЕНТЯЯ ВСЕГДА КОЛЮЧАЯ ИЗГОРОДЬ...

Помни, начальник соображает быстрее тебя! И, пока ты медленно обдумываешь хорошее решение, он уже быстро принимает плохое…

* * *

– Серега, чего ты так долго с женой-то говорил?

– Ты, Колян, не представляешь, какая она тупая! Я на нее так орал! Матерился на всю улицу. Ко мне даже гастарбайтеры подошли, спросили, куда щебень разгружать, думали, я прораб.

* * *

Резолюция древнегреческого чиновника:

– В просьбе о предоставлении точки опоры Архимеду отказать: еще перевернет чего-нибудь.

* * *

– Сегодня встал спозаранку, отжался 30 раз, принял холодный душ, пришел раньше на работу. Теперь, как дурак, сижу один в офисе, не выспавшийся, руки болят и по пути простыл…

* * *

– Доктор, я вот вечером считаю овец и сразу засыпаю.

– Это хорошо.

– Что ж тут хорошего? Под утро одной-двух недосчитываюсь. Я же чабан.

* * *

Объявление:

– Если Вы считаете, что достойны заработка от 500 долларов в день, присылайте свои резюме по нашему адресу. А то нам как-то скучно.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. **E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru. **Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.** Рафинсуни индекс: **73946.** Тираж **650**. Заказ **№ 2351**. Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 27.10.2023. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 27.10.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**